

# Detèminasyon Patènite

## Tout Timoun Merite yon Papa

### Detèminasyon Patènite

Detèminasyon patènite vle di idantifikasyon legal papa yon timoun ki fèt nan paran ki pa marye. Si ou se yon paran ki pa marye, oswa si ou pral yon paran, tanpri li enfòmasyon sa yo sou patènite.

### Kimoun ki ta Dwe Detèmine Patènite

- **Paran byolojik ki pa marye**
- **Paran ki marye apre timoun nan fèt**
- **Paran adolesan yo** (yo pa bezwen konsantman paran pa yo)
- **Paran ki se imigran**, ansanm ak paran ki pa sitwayen ameriken ak sa ki pa gen papye imigrasyon, menmsi nenpòt ladan yo oswa toulède pa gen nimewo sekirite sosyal ki valab. Nou p ap poze yo kesyon sou kondisyon imigrasyon yo, epi nou **p ap** divilge nenpòt enfòmasyon nou jwenn pou detèmine patènite a ak/oswa sipò timoun nan ba Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Etazini.

### Avantaj ki genyen nan Detèminasyon Patènite

#### *Pou Manman an*

- Responsablite pou toulède paran yo
- Plis sekirite finansye pou fanmi an

#### *Pou Papa a*

- Detèminasyon legal dwa ak responsablite paran yo
- Non an ap parèt sou batistè timoun nan
- Dwa pou chèche vizit oswa timoun nan viv avèk ou dapre yon lòd tribinal
- Dwa pou yo konsilte ou nan pwosedi adopsyon oswa nan lòt pwosedi legal konsènan timoun nan

#### *Pou Timoun nan*

- Dosye legal idantite papa a
- Non papa a sou batistè a
- Enfòmasyon sou istwa medikal fanmi an
- Sipò finansye toulède paran yo
- Dwa pou asirans medikal, avantaj sekirite sosyal ak avantaj veteran ak alokasyon militè nan papa a
- Dwa pou eritaj si papa a mouri

## Fason Nou Detèmine Patènite a

**Gen de (2) fason pou detèmine patènite a.** Ou kapab detèmine patènite a nan yon mwayen volontè, lè ou yon siyen yon Rekonesans Patènite (Acknowledgment of Paternity, AOP), oswa nan yon mwayen jidisyè ki vle di ou ale nan tribinal.

### Detèminasyon Volontè Patènite

#### Pou yon Tibebe ki fèk fèt

Si toulède paran yo dakò, yo kapab siyen yon **Rekonesans Patènite (Acknowledgment of Paternity, AOP)** imedyatman tibebe a fèt. Fòm AOP yo disponib nan biwo oswa klinik medikal kote ou resevwa swen sante anvan akouchman ak nan lopital la oswa nan sant akouchman an kote tibebe a fèt. Manman an ak papa a pa gen pou siyen fòm nan anmenmtan oswa nan menm kote a.

#### Aprè Tibebe a Kite Lopital la

**Ou kapab detèmine patènite nenpòt kilè apre tibebe a kite lopital la. Sa vrè jouk lè tibebe a vin gen laj 21 ane.**

Ou ka itilize fòm AOP yo te ba ou nan lopital kote tibebe a te fèt la. Ou kapab jwenn youn nan Depatman Sante ak Sante Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) oswa nan Biwo Egzekisyon Sipò Timoun (Office of Child Support Enforcement) ki nan Administrasyon Resous Imèn (NYC Human Resources Administration, HRA). Fòm yo disponib sou entènèt tou nan sitwèb: [childsupport.ny.gov/dcse/aop\\_forms.html](http://childsupport.ny.gov/dcse/aop_forms.html)

Ou dwe voye oswa pote an pèsòn fòm AOP ou ranpli, siyen ak temwen nan:

**New York City Department of Health and Mental Hygiene**  
Office of Vital Records/Corrections Unit – Room 144  
125 Worth Street, Box 4  
New York, NY 10013

Pa retounen fòm ou ranpli a nan lopital kote tibebe a te fèt la. Yo p ap kapab travay sou li depi batistè orijinal la depoze nan Depatman Sante ak Sante Mantal.

#### ***Pa Siyen Fòm Rekonesans Patènite a Si:***

- *Tibebe a poko fèt*
- *Nenpòt paran pa byen konnen kimoun ki se papa tibebe a*
- *Paran tibebe a marye youn ak lòt*
- *Manman an marye legalman avèk yon moun ki pa papa a*

## Detèminasyon Patènite nan Tribinal

**Ou kapab detèmine patènite nan tribinal ki okipe zafè fanmi si:**

- Yon Fòm Rekonesans Patènite a pa siyen.
- Manman an marye avèk yon moun ki pa papa byolojik timoun nan. Menmsi manman an pa t an kontak avèk mari li epi menmsi li konnen se pa mari a ki papa a, yon odyans nan tribinal nesesè pou retire li epi pou detèmine papa byolojik la kòm papa legal la
- Paran yo nan tribinal pou yon odyans sipò timoun epi yo te detèmine patènite a

## Kesyon Kimoun Papa a ye

**Si nenpòt nan paran yo gen nenpòt dout sou idantite papa a, pa siyen fòm Rekonesans Patènite a.**

**Ou ka mande tès ADN ki pa koute chè,** ki disponib pou paran ki marye ak pou paran ki pa marye. Mande ofisye eta sivil la ki nan lopital la oswa kontakte OCSE nan nimewo 929-221-5008 pou voye ou nan yon laboratwa Eta New York sètifye. Si tès ADN nan idantifye papa a, paran ki pa marye yo toujou bezwen detèmine patènite a. Pou fè sa, yo dwe siyen yon AOP oswa yo dwe ale nan yon odyans nan tribinal. Menmsi tès ADN kapab detèmine idantite papa byolojik la, li pa detèmine papa legal la.

## Patènite ak Depatman Sante ak Sante Mantal

Lè ou detèmine patènite a, y ap voye AOP oswa Relasyon Paran (lòd tribinal detèmine patènite a) nan Depatman Sante ak Sante Mantal (DOHMH) Vil New York pou yo anrejistre li. Answit, y ap bay paran yo kopi sètifye batistè pitit yo ak AOP. Si ou detèmine patènite a apre yo fin anrejistre batistè a, y ap amande batistè a pou mete non papa a ladan.

Lè ou detèmine patènite a, DOHMH ap voye enfòmasyon yo ba **Rejis Papa Sipoze Eta New York (New York State Putative Father Registry, PFR)** (“pitatif” vle di “sipoze” oswa “moun yo panse a”). PER se yon lis papa ki detèmine patènite nan Eta New York. Yo itilize enfòmasyon yo nan zafè eritaj, adopsyon oswa nan nenpòt lòt zafè legal ki egziye pou mete papa yon timoun okouran.

## Dokiman W ap Bezwen yo

Nan lopital la oswa nan sant akouchman an kote tibebe ou fèt, y ap poze ou kèk kesyon sou eta sivil ou pou detèmine si ou ka oswa si ou pa ka detèmine patènite a. Pou fè sa, w ap ranpli fòm Rekonesans Patènite a. W ap bezwen pote dènye sètifika maryaj oswa dènye papyè divòs ou, si ou gen youn. Answit, prepare ou pou montre pyès idantite ki gen foto ou paske siyati ou fèt pou temwen sou AOP a.

## Anilasyon yon Rekonesans Patènite

- Si nenpòt nan paran yo vle anile AOP apre yo fin depoze li nan DOHMH, yon odyans tribinal ap obligatwa pou sa.  
Nenpòt paran ka fè yon petisyon pou anile AOP nan tribinal la.  
Si yon paran te gen laj 18 tan oswa plis pase sa lè li te siyen AOP, li dwe fè petisyon an **anvan**
  - 60 jou apre li siyen AOP, oswa
  - nan 60 jou apre li jwenn repons pou nenpòt petisyon li te fè nan tribinal pou timoun nan.Si yon paran potko gen laj 18 tan li te siyen AOP, li dwe fè petisyon an **anvan**

- 60 jou apre li vin gen laj 18 tan; oswa
  - 60 jou apre li jwenn repons pou nenpòt petisyon li te fè nan tribinal konsènan timoun nan si yo te fè paran an konnen dwa li pou anile AOP nan yon pwosedi ki gen pou wè ak timoun nan.
- Apre limit tan sa yo, paran ki fè petisyon an dwe montre prèv fwod, kontrent, oswa erè enpòtan nan enfòmasyon yo.

- Majistra Sipò a ap deside si Rekonesans Patènite a ta dwe anile, dapre enfòmasyon yo bay nan odyans lan ak nan pi bon enterè timoun nan. Li posib pou yon moun ki pa papa byolojik la ka kontinye gen obligasyon legal pou peye sipò timoun. Se rezon sa a ki fè ou ta dwe asire idantite papa a anvan ou detèmine patènite a.

## **Men enfòmasyon pou Konsidere**

Dapre Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, lè gen prezans de (2) paran ki konsène sa pèmèt timoun nan gen pi bon pèfòmans nan lekòl, sa pèmèt li fè mwens abi dwòg, sa pèmèt li fè mwens krim ak delenkans, sa pèmèt li gen mwens pwoblèm emosyonèl ak lòt pwoblèm konpòtmantal, sa pèmèt li gen mwens risk pou abi ak neglijan, epitou sa pèmèt li gen mwens risk pou touye tèt li nan moman li se adolesan. Detèminasyon patènite lè tibebe ou fèt pa garanti yon relasyon pandan lavi timoun nan ant papa ak li, men se yon bon kòmansman.

### **Pou Jwenn Plis Enfòmasyon Kontakte:**

- Ofisye Eta Sivil ki nan lopital oswa nan sant akouchman kote tibebe ou te fèt la
- Biwo HRA pou Inite Sèvis Asistans pou Ranfòsman Sipò Timoun 929-221-5008
- Biwo Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York 212-788-4500
- Sitwèb HRA: [www.nyc.gov/hra/ocse](http://www.nyc.gov/hra/ocse)

**Minisipalite Vil New York**  
Bill de Blasio, Majistra

**Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration)**  
Steven Banks, Manm Komisyon

W-549E-D  
12-12-14